

Lè Pitit ou Gen 3 Zan



Non Timoun nan

Laj Timoun nan Dat Jodi a

Fason pitit ou jwe, aprann, pale ak aji bay enfòmasyon enpòtan sou devlopman pitit ou. Etap enpòtan devlopman an se bagay pifò timoun kapab fè lè yo gen yon sèten laj.

Tcheke etap enpòtan pitit ou rive nan 3yèm anivèsè nesans li. Ale avèk lis sa a epi pale avèk doktè pitit ou pandan chak vizit sou etap enpòtan pitit ou rive ak kisa pou w atann apre sa.

Sa Pifò Timoun Fè nan Laj sa a:

Sosyal/Emosyonèl

- Timoun nan imite adilt ak zanmi
- Li montre afeksyon pou zanmi san yo pa bezwen mande li
- Li patisipe nan jwèt yo
- Li montre enkyetid pou yon zanmi k ap kriye
- Li konprann lide “pou mwen” ak “pou li”
- Li montre anpil kalite emosyon
- Li separe fasil avèk manman ak papa li
- Li ka fache avèk gwo chanjman ki fèt souvan
- Li abiye ak dezabiye poukont li

Langaj/Kominikasyon

- Timoun nan suiv enstriksyon ki gen 2 oswa 3 etap
- Li kapab nonmen bagay li pi abitye avèk yo
- Li konprann mo tankou “nan,” “sou,” ak “anba”
- Li di prenon, laj, ak sèks
- Li site non yon zanmi
- Li di mo tankou “mwen”, “nou”, ak “ou” ak mo pliryèl (vwati yo, chen yo, chat yo)
- Li pale byen ase pou etranje konprann li pi souvan
- Li fè konvèsasyon avèk 2 oswa 3 fraz

Koyitif (aprantisaj, pansè, solisyon pwoblèm)

- Timoun nan kapab jwe jwèt ki gen bouton, levye, ak pati mobil
- Li jwe jwèt fè-kwè avèk poupe, bèt, ak moun
- Li jwe kastèt ki gen 3 oswa 4 pyès
- Li konprann sa “de” vle di
- Li kopye yon sèk avèk yon kreyon oswa kreyon koule
- Li vire paj liv youn apre lòt
- Li bati bilding ki gen plis pase 6 blòk
- Li vise ak devise bouchon bokal oswa li vire manch pòt

Mouvman/Devlopman Fizik

- Li eskalade byen
- Li kouri fasil
- Li te pedale yon trisiklèt (yon bisiklèt 3 wou)
- Li monte ak desann eskalye, yon pye sou chak mach

Pou w Aji Bonè, Pale avèk Doktè Pitit ou si Pitit ou:

- Tonbe anpil epi li gen pwoblèm pou monte ak desann eskalye
- L ap bave oswa li di pawòl ki pa klè ditou
- Pa kapab jwe jwèt senp (tankou pano ki gen twou, kastèt senp, manivèl)
- Pa pale avèk fraz
- Pa konprann enstriksyon senp yo
- Pa jwe fè-tankou oswa fè-kwè
- Pa vle jwe avèk lòt timoun oswa avèk jwèt
- Pa gade moun nan zye
- Pèdi ladrès li te genyen avan

Di doktè oswa enfimyè pitit ou si ou remake nenpòt nan siy reta devlopmanal posib pou laj sa a, epi pale ak yon moun nan kominote ou ki abitye ak sèvis pou timoun nan zòn ou a, tankou lekòl piblik lokal ou a. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou www.cdc.gov/Concerned oswa rele **1-800-232-4636**.

Yon adaptasyon CARING FOR YOUR BABY AND YOUNG CHILD: BIRTH TO AGE 5, Fifth Edition, redije pa Steven Shelov and Tanya Remer Altmann © 1991, 1993, 1998, 2004, 2009 pa the American Academy of Pediatrics ak BRIGHT FUTURES: GUIDELINES FOR HEALTH SUPERVISION OF INFANTS, CHILDREN, AND ADOLESCENTS, Twazyèm Edisyon, redije pa Joseph Hagan, Jr., Judith S. Shaw, ak Paula M. Duncan, 2008, Elk Grove Village, IL: American Academy of Pediatrics. Lis devlopman sa a pa ranplase yon zouti evalyasyon devlopmanal ki estanda ak valide.

www.cdc.gov/ActEarly | 1-800-232-4636



Aprann Siy yo. Aji Bonè.

Ede Pitit ou a Aprann ak Grandi



Ou ka ede pitit ou a aprann ak grandi. Pale, li, chante, epi jwe ansanm chak jou. Anba la a se kèk aktivite pou w ka amize w ak pitit ou ki gen 3 zan an jodi a.

Kisa ou ka fè pou Pitit ou ki gen 3 zan an:

- Ale nan gwoup pou plizyè timoun jwe avèk pitit ou a oswa lòt kote ki gen lòt timoun, pou li ka aprann antann li ak lòt timoun.
- Travay avèk pitit ou pou rezoud pwoblèm lè li fache.
- Pale sou emosyon pitit ou a. Pa egzanp, di, “Mwen ka wè ou santi ou fache paske ou voye yon moso nan kastèt la jete.” Ankouraje pitit ou a idantifye santiman nan liv.
- Etabli règ ak limit pou pitit ou a, epi rete fèm. Si pitit ou a vyole yon règ, fè li rete nan yon chèz oswa nan chanm li pou 30 segond oswa 1 minit. Fè louwanj pou pitit ou lè li respekte règ yo.
- Bay pitit ou enstriksyon ki gen 2 oswa 3 etap. Pa egzanp, “Ale nan chanm ou epi pran soulye ak manto ou.”
- Li pou pitit ou a chak jou. Mande pitit ou a pou li lonje dwèt sou foto yo epi repete yo apre ou.
- Bay pitit ou yon “bwat aktivite” avèk papyè, kreyon, ak liv pou kolore. Kolore epi trase liy ak fòm avèk pitit ou.
- Jwe jwèt matche. Mande pitit ou pou li jwenn objè nan liv oswa nan kay la ki parèy.
- Jwe jwèt konte. Konte pati nan kò, mach eskalye, ak lòt bagay ou itilize oswa wè chak jou.
- Kenbe men pitit ou a pou monte ak desann mach eskalye yo. Lè li ka monte ak desann san pwoblèm, ankouraje li itilize ray la.
- Jwe deyò a ak pitit ou. Ale nan pak oswa santye randone. Chita atè a pou jwe konsa-konsa ak pitit ou san yon aktivite ki estriktire.